

Chè Fanmi,

Nou tout nan UP Education Network ap swete w rete san danje ak an sante pandan lekòl yo fèmen.

Pou elèv ou a kontinye aprann pandan li pa lekòl nou rasanble resous ak travay. Resous nou bay yo ta dwe, lè yo espase, ofri elèv yo aktivite aprantisaj pandan apeprè 5 semèn.

Lekòl ou a te siman ba w kèk rekòmandasyon sou kijan pou abòde matyè sa yo. Pi ba a w ap jwenn rekòmandasyon senplifye ki kapab sèvi pou nenpòt ki lekòl UP.

Elèv ki nan ane K1 - K2

- Li avèk elèv ou a pandan apeprè 15 minit pa jou
- Fè apeprè 15 minit aprantisaj lakay pa jou avèk elèv ou a, konsantre sou fè yon ti travay matematik ak alfabetizasyon
- Si w gen teknoloji disponib, gade rekòmandasyon lekòl ou a sou travay vityèl anplis

Elèv ki nan 1ye - 2yèm ane

- Li avèk elèv ou a, oswa verifye l li, pandan apeprè 20 minit pa jou
- Fè apeprè 20 - 30 minit aprantisaj lakay pa jou avèk elèv ou a, konsantre sou fè yon ti travay matematik ak alfabetizasyon
- Si w gen teknoloji disponib, gade rekòmandasyon lekòl ou a sou travay vityèl anplis

Elèv ki nan 3yèm - 5yèm ane

- Elèv yo dwe li pandan 30 minit pa jou
- Elèv yo dwe fè apeprè 30 - 40 minit aprantisaj lakay pa jou, ap pase yon pati nan tan sa a sou chak matyè
- Si w gen teknoloji disponib, gade rekòmandasyon lekòl ou a sou travay vityèl anplis

Elèv ki nan 6yèm - 8yèm ane

- Elèv yo dwe li pandan 30 minit pa jou ominimòm
- Elèv yo dwe fè apeprè 45 - 60 minit aprantisaj lakay pa jou, ap pase yon pati nan tan sa a sou chak matyè
- Si w gen teknoloji disponib, gade rekòmandasyon lekòl ou a sou travay vityèl anplis